NYC Consumer and Worker Protection

Mbir yiñ wara saytu: Jaaykat yu mag yi

Dangay jaay, luwe, wala nga jaay wala luwe ay serwiis, waaye boolewu ñu ci njaayum ñam, ci mbedd mi wala trotuwaar?

Lu jëm ci Sañ-sañu Njaay yu Mag yi:

- Kenn àppalul limu sañ-sañ yiñ mën jox soldaar yu njëkk ya wala seeni soxna yiy dund wala seeni nekkaale. Ku bokkul ci soldaar yu njëkk ya say sañ-sañ du weesu 853.
- Jaaykat yu mag yi yor sañ-sañu jaay yi ñuy waawe Citywide (mboq) wala sañ-sañu jaay/tasaare bi ñuy woowe Midtown Core Zone (baxa) mën nañu jaay ci yenn barab yi ñuy yamale te ñooy gëna yay yeneen jaaykat yi ci palaas yi. Soldaar yu njëkk yu gaañoo ci xare ba lañu jagleel yooyu sañ-sañ. Sañ-sañ yu baxa yaa ngi yam ci 105.
- Soxalwul nga am beneen sañ-sañ ngir jaay mbir yuñ la may ci sañ-sañ bu njëkk ba, lu melni ay wayndare yuñ bind (suranaal, revue, téere, brosiir) ak ay œuvre d'art (pentiir, fotograaf, yatt-xeer, yatt-bant, pentiir kanam, rabi mànq). Danga wara sàmmoonte ak sàrti yi doonte soxlawoo sañ-sañu jaay.

Jëfandikool mbir yiñ wara saytu ngir xam li sunuy kilifa di tere ngir bañ leen jalgati. Ngir lu leen di noppal, càkkutéef bu nekk dafa àndaale ak yoonam ak/wala sàrtam, su ko defee ngeen mën ci sukkandiku ngir am ci yeneen leeral. Tomb bi ci suuf dafay xamle wax ak màndarge yiñ jëfandikoo ci mbir yiñ wara seet.

Limu-saytu googu waxul ak ñiy jaay ñam, ñiy jaay ci biir wala ci wetu pàrk wala ñiy siiraas dàll.

TOMB
NYC Code: Kotu administratif bu New York **RCNY:** Sàrti Dëkku New York **§:** Pàcc **§§:** Pàcc

Càkkutéef		**Matal nga càkkutéef?**
Sañ-sañ yi		
1	Fàww nga am sañ-sañu Jaaykat bu mag bu baax, bawoo ci Këru jëwrinu kaaraange kiliyaan ak liggéeykat yi (DCWP, tuddoon Mbiri Kiliyaan yi). **Dénkaane:** Njaayum ñam dafay laaj nga am sañ-sañ bu bawoo ci Këru jëwrinu Cetug Xet ak Wérgi yaram. **Dénkaane:** Ngir mëna jaay ay mbir ci Luuma (lu ci melni, luuma mbedd, xew-xewu dëkk wala festiwaal) fàww nga am sañ-sañu Sañ-sañu jaayandi ci luuma.	☐ Waaw
	NYC Code §20-453	
2	Jaaykat yu mag yi dañu wara takk seen badge sañ-sañu DCWP ndax nit ñi ak ñi teewal yoon (ñu ci melni saytukati DCWP, waa poliis) mën koy gis saa yu nekk. **Dénkaane:** Ku am sañ-sañ bu baxa ak bu mboq dañu wara takk seeni seen sañ-sañu jaaykat bu mak (weex) ak beneen sañ-sañ biñ ko jagleel.	☐ Waaw
	6 RCNY §2-309	

NYC Consumer and Worker Protection

Mbir yiñ wara saytu: Jaaykat yu mag yi

Càkkutéef		Matal nga càkkutéef?
Barab		
Barab yiñ jagleel bépp xeetu njaay te amul xàjj ak seet		
3	Mënoo leen jaay ci «Barabu World Trade Center» bii ci suuf (ak ci mbedd yi ko wër) ci Manhattan: • Mbeddu penku mi: wetu penku Broadway • Mbeddu sud: wetu sud bu Liberty Street • Mbeddu sowwu: wetu sowwu bu West Street • Mbeddu nord: wetu nord bu Vesey Street	☐ Waaw
	NYC Code §20-465(g)(2)	
4	Mënoo jaayee ci lu tollu ci 10 pied ci koñu mbedd yi, fi ñuy duggee ak génnee ci metro wala ci yoon yi.	☐ Waaw
	NYC Code §20-465(e)	
5	Mënoo jaayee ci lu tollu ci 5 pied ci abribus, kiosku surnaal, telefon publik fuy séddale Wi-Fi wala barab yi way-laago yi di jaar.	☐ Waaw
	NYC Code §20-465(q)	
6	Mënoo jaayee ci tollu ci 20 pied ci teeraasu kafe yi wala ci ñiy lal taabal ci biti.	☐ Waaw
	NYC Code §20-465(q)	
7	Mënoo jaayee: • fi bus yi wala taxi yi di taxaw wala ci kaw trotuwaaru barab buñ «dul taxaw» ci wetu benn lopitaal • ci benn mejaan fileek nekkul cib centre commercial wala barab buñ mëna dox (amul bayaal bu nit mëna dox) • ci ay griyu ventilation, ay griyu metro, ay buntu cave, ay voûte transformateur ak ay paxu nit	☐ Waaw
	NYC Code §§20-465(e), 20-465(i), 20-465(m)	
Barab		
Barab yiñ jagleel jaaykat yi am sañ-sañu buñ leen jagleel ak ñu am sañ-sañ bu njëkk ba *Jaaykat yépp, boole ci ñiy jaay liñ maye ci sañ-sañ bu njëkk bi, dañu wara sàmmonte ak waxtu wiy leen mayn barab, te moytu tere yi. Xoolal xët 1 ngir am ay leeral ci mbir yi maye ci sañ-sañ bu njëkk ba.*		
8	Fàww nga am sañ-sañu jagleel bu Baxa ngir mëna jaay ci barab yii ci suuf (ak ci mbedd yi ko wër) ci Manhattan: • Peggu penku: 2e Avenue • Peggu sud: 30e rue • Peggu sowwu: 9th Avenue ak Columbus Avenue • Peggu nord: 65e rue	☐ Waaw
	NYC Code §20-465(g)(1)	

NYC Consumer and Worker Protection

Mbir yiñ wara saytu: Jaaykat yu mag yi

Càkkutéef		Matal nga càkkutéef?
9	Fàww nga am sañ-sañu jagleel bu Baxa wala bu Mboq ngir mëna jaay ci barab yii ci suuf (ak ci mbedd yi ko wër) ci Flushing, Queens: • Peggu penku: ci wetu penku Union Street • Peggu sud: ci wetu sud bu Sanford Avenue • Peggu sowwu: ci wetu sud bu College Point Boulevard • Peggu nord: ci wetu nord bu Northern Boulevard	☐ Waaw
	NYC Code §20-465(g)(4)	
Fësalukaay		
10	Danga wara topp anamu wane gi: • Sa ekraŋ (maanaam taabal, puus-puus, teguwaay) warul weesu 8 pied ci guddaay, 3 pied ci xóotaay ak 5 pied ci njoolaay. • Ekraŋ yiy tëdd dañuy sori suuf si ci 2 pied. • Ekraŋ yiy taxaw dañuy sori suuf si ci 1 pied. **Dénkaane:** Waroo teg li ngay jaay noonu ci kaw trotuwaar bi wala ci kaw sër boo lal, ab planche wala ci kaw kartoŋ. **Dénkaane:** Sa suufu ekraŋ mënoo ci def lenn ludul denc mbir yi ngay jaay.	☐ Waaw
	NYC Code §§20-465(b), 20-465(n)	
11	War ngeen bàyyi yoon wu leer wu tollu ci 12 pied ci yaatuwaay ci trotuwaar bi nit ñiy jaar. **Dénkaane:** Natt gaa ngi dalee ci rëddu moomeel gi ak lépp lu baare trotuwaar (maanaam, yeewukaayu velo, borne fay lakk, pano signalisation) wala, wala su amul dara, ba ci trotuwaar bi.	☐ Waaw
	NYC Code §20-465(a)	
12	Sa puus-puus wala tegukaay daa wara nekk ci wetu trotuwaar bi.	☐ Waaw
	NYC Code §20-465(a)	
13	Sa puus-puus wala taabal ak marsandiis yi ngay jaay dañu wara sori bunti batimaa yi gën gaa néew 20 pied.	☐ Waaw
	NYC Code §20-465(d)	
14	Sa puus-puus / taabal, oto, marsandiis yi ngay jaay wala leneen lu bokk ak ñoom waru ñu laal benn tabax wala mbir (lu ci melni, poto làmp, parkomètre, boitu bataaxal, pono signalisation ci wetu tali bi, borne incendie, boite garab, baŋ, fu bus te nekk, defukaayu mbalit wala bariyeer yi ci tali bi).	☐ Waaw
	NYC Code §20-465(c)	
Leneen		
15	Mënoo jaayee ci biir benn wala ñaari oto yuñ boole gaare.	☐ Waaw
	NYC Code §20-465(o)	

NYC Consumer and Worker Protection

Mbir yiñ wara saytu: Jaaykat yu mag yi

Càkkutéef		Matal nga càkkutéef?
16	Mënoo jëfandoo jëfandikoo grup elektrogen wala leneen lu defar kuuraŋ wala luy doxee gaas, wala mazout. **Dénkaane:** Mënoo jëfandikoo benn jumtukaay buy am fiilu kuuraŋ. **Dénkaane:** Mënoo jëfandikoo benn aparey buy doxee batiri.	☐ Waaw
	NYC Code §20-465(p)	
17	Su sa puus-puus wala taabal nekkee fi ñuy jaar (maanaam, fi oto yi wara taxaw), danga wara sàmmonte ak sàrt dawal ak taxaw. **Dénkaane:** Mënoo jaay fi nit ñiy jaar fileek amul barabu kaaraange bu tollu ci 15 pied diggante ak borne incendie bi.	☐ Waaw
	NYC Code §20-465(f); 6 RCNY §2-304(c)	
Wane njëg yi		
18	Lépp looy jaay danga ci wara def njëgam, bu baña ànd ak juuti, ci anam wii: • Def tampoŋ wala etiket bu ànd ak njëg li ci kaw. WA ILAA • Wala ci pano buy wane njëg li ci wetu li ngay jaay.	☐ Waaw
	6 RCNY §2-307(b)	
Reçu		
19	Fàww nga jox reçu en seeri ci lépp loo jaay bépp kiliyaan bu jënd. Reçu dafa wara am: • Bis biñ ko jënde • Tolluwaayu liñ ko jëndee • Leerali liñ jaay • Nimeru sañ-sañu jaaykay bu mag bi • Mbind muy wane ni mën nañu yegge seen jàmbat ci DCWP, muy ànd ak adres ak nimero telefonu DCWP (311) **Dénkaane:** Dangay wara jox ndawi DCWP ab kopib reçu loo jaay ci nimu gëna gaawee ci bis bi suñu la ko laajee.	☐ Waaw
	6 RCNY §2-307	

Ngir am yeneeni leeral: **Demal ci** nyc.gov/BusinessToolbox | **Jokkool ak ci 311** (212) NEW-YORK (Soo nekkul New York)

Joxey leeral kesee taxa jog wayndare wii, waxul ci lépp te nekkul këyit wu yoon joxe xalaatam wala dénkaane. Barabu liggéeyukaayi dëkkub New York yépp dañu wara sàmmonte ak digle yi te moytu lu dëkk bi tere. Këru liggéey yi ñoo yelloo xam ak sàmmonte ak dénkaane yi te moytu lépp luñuy tere seenub liggéey ci dëkk bi.